KONKOU JOUNEN MONDYAL DLO 2019

OPÒTINITE A

22 mas, se Jounen Mondyal Dlo. Pou make jounen sa, Pwojè Dlo ak Asenisman USAID ap lanse yon konkou pou l ka jwenn bon jan lide ki kapab repwodwi, ki kapap fè nou jwenn bon solisyon pou amelyore sèvis dlo ak asenisman espesyalman nan komin tankou : Kap Ayisyen, Mibalè, Kwadèboukè (Kanaan), Kay ak Jeremi.

Pwojè a ap chèche kèk solisyon ak apwòch ki chita sou lasyans ak teknoloji ki ka pote chanjman tankou:
1) pèmèt moun nan popilasyon ki potko gen akse ak sevis dlo an jwenn sèvis dlo potab, sila yo ki te genyen deja vinn jwenn pi bon sèvis dlo potab (mezi sekirite nan pwen dlo yo, tretman dlo nan kay ki abòdab epi ki fasil pou itilize ak jesyon dirab pwen dlo, aplikasyon enfòmatik ki fasilite kliyan peye sèvis;
2) anpeche moun poupou atè;
3) ankouraje yon sistèm sanitè ki jere an sekirite (solisyon latrin/twalèt, solisyon septik, solisyon jesyon matyè fekal (poupou)).

Pou nou rive pèmèt plis moun jwenn bon dlo pwòp pou yo bwè, Pwojè a pral travay nan tèt kole ak minisipalite yo epi otorite kominal yo pou nou devlope ansanm yon seri estrateji pou nou agrandi sistèm nan epi devlope plizyè plan sekirite dlo. Estrateji sa yo dwe gen ladan yo yon seri apwòch k ap ede nou priyorize agrandisman rezo dlo tiyo yo pou popilasyon ki pi pòv epi ki pi frajil yo ka jwenn dlo pou yo bwè ak sèvi.

Apwòch sa yo DWE garanti DIRABILITE.

DEFI A

Pwojè Dlo ak Asenisman USAID ap chèche bon jan lide pou nou rive pèmèt plis moun jwenn bon dlo pwòp ak bon kondisyon lijyèn pou nou ankouraje yo viv an sante, an sekirite epi ki pwodiktif.

Pwojè a pwal finanse jiska senk (5) nan pi bon lide yo ki ka sèvi kòm pwojè pilòt. Montan maksimòm finansman an se $ 20,000 (USD) pou chak gayan. Finansman gayan yo ap soti nan fon (Enterprise Acceleration Fund) (EAF), ki la pou ankouraje inovasyon sou mache dlo ak asenisman ak ranfòse aktè lokal yo pou plis moun ka jwenn dlo potab ak asenisman ki byen jere, san danje.

Men Kisa N ap Chèche:

solisyon ki ka amelyore kominote yo, founisè sèvis yo oswa rezo ak sistèm dlo ak asenisman yo. Yo ka gen ladan yo men yo pa limite ak sèvis inovatè WASH yo, modèl, zouti oswa mekanism finansman ka amelyore kondisyon popilasyon an jwenn bon dlo pwòp pou l bwè epi ki la tou pou ede nou jere pi byen pwoblèm asenismanan sekirite, nanyon fason ki respekte anviwònman an epi ki pèmèt nou konprann bezwen kominote a pi byen.

Faktè ki ka pèmèt yon moun oswa yon enstitisyon genyen konkou sa fok konsep la gen ladan yo yon seri solisyon ki reponn kesyon sa yo:

Èske apwòch la ENVANTIF?

• Èske apwòch la amelyore kondisyon popilasyon an pou li jwenn bon dlo pwòp pou l bwè, nan yon fason ki san danje/fyab ak/oswa li pèmèt li jwenn yon sèvis dlo potab ki abòdab?
• Èske apwòch la pèmèt founisè sèvis dlo a antre lajan ki pèmèt li viv ak satisfè bezwen l?
• Èske apwòch la dirab pou anviwònman an?
• Èske apwòch la amelyore kondisyon/chans pou moun ki pi pòv epi ki pi fèb yo nan kominote a jwenn dlo?

• Èske apwòch la chanje fason n ap ankouraje itilizatè dlo yo pou yo peye pou sèvis dlo ak sanitasyon yo kòmsadwa?
• Èske apwòch asenisman an pote solisyon sou kijan popilasyon an ap peye pou fè ranmanse, transpòte ak/oswa trete matyè fekal (poupou) yo?
• Èske apwòch la bay yon fason pou nou motive minisipalite yo, biznis yo ak fwaye yo pou yo itilize enstalasyon sanitè epi ap jere l an tout sekirite , oswa pou amelyore enstalasyon aktyèl yo?
• Èske solisyon an ankouraje patisipasyon fanm yo oswa lòt segman ki majinalize nan popilasyon an?
• Èske apwòch la bay lokatè yo yon fason pou yo envesti nan solisyon asenisman oswa solisyon dlo yo?
• Èske apwòch la prezante yon pledwaye, yon mobilizasyon sosyal ak yon kominikasyon klè pou chanje konpòtman moun yo nan kominote a pou yo sispann poupou atè epi fè minisipalite yo ak lòt otorite local angaje pou jere filyè asenisman an?
• Èske apwòch la ankouraje devlopman mache asenisman an ak ankouraje sektè prive a pou li envesti sou tout chèn valè ki nan sektè asenisman an?

KRITÈ KALIFIKASYON

Òganizasyon ki kapab kalifye yo ka gen ladan yo inivèsite yo, ti antrepriz ak antrepriz mwayen ki nan sektè prive yo, enstitisyon finansyè yo, òganizasyon kominotè (OK) ki bay sèvis dlo ak asenisman yo, koperativ yo/asosiyasyon yo, patnè nan sosyete sivil yo, òganizasyon nongouvènmantal (entènasyonal, nasyonal ak lokal) yo, founisè sèvis dlo ak asenisman yo tankou òganizasyon ki gen lisans peyi ki resevwa pwogram sa a ak òganizasyon ki nan sektè prive a, fondasyon yo, òganizasyon relijye yo (FBO yo) ak gwoupman òganizasyon nou sot site yo. DAI ankouraje yon apwòch ki etabli

patenarya avèk plizyè òganizasyon epi ki mete yo ak lòt enstitisyon ki kapab soutni lòt pwojè devlopman k ap vin apre.

Konsiderasyon jewografik yo:

Pwojè a pral priyorize seleksyon lide ki poze pwoblèm dlo ak asenisman nan komin Cap-Haïtien, Mirebalais, Coix-des-Bouquets, Les Cayes ak Jérémie. Sa vle di pwojè a ap bay priyorite pou entèvansyon k ap fèt nan katye ki anndan vil sa yo ak katye nan vwazinay yo.

Nou p ap finanse:

• Apwòch ki pa antre nan kad travay Pwojè a (SOW).
• Apwòch ki pa nan zòn jewografik la.
• Apwòch ki nan konfli avèk estrateji nasyonal pou dlo oswa asenisman yo.
• Apwòch ki kontrè ak faktè kiltirèl ak sosyal lokal yo.

PWOSESIS POU SOUMÈT TÈKS PREZANTASYON PWOJÈ YO

Òganizasyon/moun ki enterese yo dwe soumèt yon tèks prezantasyon pwojè ki pa plis pase senk paj dirèkteman nan Pwojè a. Tèks prezantasyon yo dwe respekte kritè nou bay yo epi nou dwe soumèt yo anvan 21 jen 2019.

Tèks prezantasyon an dwe espesifik, konplè, kout e li pa dwe depase 5 paj.
Tèks prezantasyon an dwe montre kapasite ak ekspètiz kandida a genyen pou li reyalize objektif pwogram sa a. Enstriksyon pou nou devlope dokiman prezantasyon an dwe pran an kont tout detay ki nan pwochen seksyon an.

Nou pral analize tèks prezantasyon yo pou nou wè si yo byen konprann konkou a,
apwopriye ak sijè a epi si yo kreyatif. Nou ankouraje kandida yo pou yo montre kijan travay yo pwopoze a pral kontribye nan jefò n ap fè pou plis moun rive jwenn sèvis dlo ak asenisman nan Cap-Haïtien, Croix-des-Bouquest (Canaan), Mirebalais, Les Cayes ak Jérémie. Gouvènman peyi Dayiti te idantifye senk komin sa yo kòm “hotspot (zòn risk)– Tip A” pou kolera ke yo dwe bay priyorite oswa komin k ap rekipere apre Ouragan Matthew.

Enstriksyon pou Tèks Prezantasyon yo

Nou dwe soumèt tèks prezantasyon an nan karaktè Times New Roman, gwosè 11 epi yo dwe gen nimewo sou paj yo. Chak paj yo dwe ekri tit "Konkou sou Jounen Mondyal Dlo 2019 ”.

Prepare aplikasyon pou dokiman prezantasyon an dapre fòma ki anba a:

1) Paj Kouvèti (pa plis pase yon (1) paj). Paj kouvèti a dwe gen ladan l:
a. Adrès òganizasyon an
b. Ki kalite òganizasyon (pa egzanp, atizan, antreprenè, antrepriz, ki travay pou pwofi, ki pa travay pou pwofi, Inivèsite, elatriye).
c. Nasyonalite òganizasyon an (ayisyen, ameriken, elatriye)
d. Pwen kontak (non, telefòn, faks, adrès imèl moun k ap dirije l la)
e. Siyati reprezantan otorize kandida a

2) Apwòch teknik (pa plis pase twa (3) paj). Seksyon sa a dwe fè yon rezime pwogram nan ak objektif yo nan Seksyon I dokiman an epi li dwe gen:
a. Tit ak objektif aktivite yo pwopoze a nan kèk fraz
b. Deskripsyon objektif yo, metòd apwòch la, ki kantite jefò n ap anplwaye, rezilta nou espere yo ak kijan travay nou an pral ede nou chanje ak ankouraje yon amelyorasyon dirab nan sèvis Dlo ak Asenisman (WSS) yo
c. Ki kalite sipò kandida a mande USAID (pa egzanp, lajan, enstalasyon, ekipman, materyèl, resous pèsonèl, elatriye)

3) Enfòmasyon sipò (pa plis pase yon (1) paj)

Konbyen lajan pwojè a ka koute; Yon dekripsyon Kout ki detaye depans yo (pa egzanp, salè, vwayaj, elatriye); Montan oubyen pòsyon pa kandida a ke li kapab pwopoze si li vle pou l kontribye nan depans yo, si sa aplikab; Montan oubyen pòsyon pa patnè potansyèl yo ak patnè aktyèl yo pwopoze pou yo kontribiye nan depans yo, si sa aplikab; Kantite tan nou pwopoze pou aktivite sa a; ak yon deskripsyon Kout sou ansyen travay oswa eksperyans kandida a ansanm ak patnè potansyèl ak patnè aktyèl yo.

4) Enstriksyon pou Soumèt Tèks Prezantasyon yo

Tout materyèl yo dwe nan lang Angle oswa Franse.

Tèks Prezantasyon an: Nou dwe soumèt tèks prezantasyon an pa imèl nan: EAF@watsan-haiti.com (avèk sijè: Konkou sou Jounen Mondyal Dlo 2019) pa pita pase 21 jen, 2019.

Nou aksepte dokiman papye yo tou, men nou prefere vèsyon imèl yo. Si nou soumèt dokiman

Papye – tanpri, soumèt yon orijinal ak de kopi pa lapòs, mesaje, sèvis lapòs lannwit oswa remèt nou li nan men soti 9:00am rive 4:00pm, lendi rive vandredi nan youn nan adrès sa yo:

USAID Water and Sanitation Project

Pou: EAF Manager

Sijè: Konkou Jounen Mondyal Dlo 2019

#7, Bis Route ODN, Vertieres, Cap Haitien, Haiti

oswa

USAID Water and Sanitation Project

Pou: EAF Manager

Sijè: Konkou Jounen Mondyal Dlo 2019

#48, Rue Metellus, Suite 204, Plaza GN, Pétion-Ville, Haïti.